XXXIII 1393

SERAT
PANDAWA

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI.

Tanggal : 24 Juni 2013

No. Induk : 78874/PN-MUSEUM/'13

BIB - ID :

Beli / Hadiah : Ex. Museum

XXXIII 1393

SERAT PANDAWA

DALASAN

SEMAR, NALAGARENG, PETROEK lan BAGONG

ingkang ngedalaken pakempalan

„SOETJI-RAHAJOE"

—

karanganipoen

R. M. SOERJO-WINARSO

ing

POERWOKERTO

—

LAIR TAOEN

1938

—

KAETJAP WONTEN ING

N. V. DRUKKERIJ J. D. DE BOER, POERWOKERTO

Rp 264.000

BEBOEKA

Koela noewoen para maos: moegi tinebihna ing toelak sarik, dene koela ladjeng mijagah ngontjeki kawontenanipoen ringgit (wajang), namoeng kabekta saking sengseming manah tok, dene wonten piwoelang edi-peni makaten toer jen dipoen gagas, sangsaja anggawokaken saking mentjit lan moeloekipoen.

Leres, sampoen katah para winasis ingkang sami kersa angontjeki bab ringgit (wajang) waoe, nanging gawoking manah koela jen maos karanganipoen saderek A, ing raos sampoen matoek. Sareng koela maos karanganipoen saderek B, inggih karaos gatoek. Ladjeng maos karanganipoen saderek C, teka inggih djebles oetawi tjeples. Sareng pitaken dateng Ki Dalang, marem. Sanesipoen Dalang malih, kateranganipoen saja nglegakaken manah. Sareng sadaja-sadaja raosipoen namoeng sarwa matoek, ladjeng koela gadah tekad damel katerangan pijambak. Senadjan koela sampoen ngroemaosi jen namoeng goprak-gaproek, meksa koela temah, namoeng minangka kangge tetimbangan kalijan serat-

serat sanesipoen oetawi dateng kateranganipoen Ki Dalang. Dados sampoen pisan-pisan jen serat poenika kaänggep mesti leres, namoeng goemantoeng dateng para penggalihipoen saderek ingkang karsa maos.

Kados poendi anggen koela mestani goprak-gaproek? Awit sadaja temboeng-temboeng ingkang koela tegesi wonten ing riki, namoeng teges raos. Oepami RAOS: betjik, apik, edi, peni, linoewih, sampoerna, poenika tegesing RAOS namoeng dateng BETJIK.

Mila saking bab teges-tegesipoen temboeng ladjeng koela pijagah goprak-gaproek mawi djarwa Dosok, Woesana namoeng njoemanggakaken.

Djoeroe pangripta,

SOERJOWINARSO

I. PANGOEDA RAOS

Noewoen-noewoen para maos, sadjatosipoen sampoen dangoe anggen koela bade ngajati ngarang serat PANDAWA poenika, nanging ing manah tansah karaos mangoe-mangoe, djalaran sampoen katah serat-serat ingkang anggantjaraken bab selehipoen ringgit (wajang) ingkang kawoedjoedaken balegering manoesa ingkang sipatipoen anganeh-anehi. Kadosta: dedeg lan tanganipoen boten timbang, tjangkemipoen wijar, sandanganipoen inggih nganeh-anehi lan sanessanessipoen. Ewa samanten kaprabawan saking anggitanipoen prijantoen kina, sadaja waoe namoeng koela anggep sae lan mrakati, langka lan tebih pamanah koela ladjeng gesang mikir kawontenan ingkang njaleneh waoe, malah ing raos saja matem lan resep karaos ngantos doemoegi dedasaring raos marem. Saja nalika koela teksih alit, jen ningali ringgit (wajang) waoe, wontenipoen namoeng ngandel lan remen sarta goemoen, malah gadah penganggep jen tijang djaman kina waoe penganggenipoen njaleneh nanging peni ingkang saged anoewoehaken gagasan kandel-koemandelipoen.

Sareng koela sampoen ageng sepoeh, katah lelampahan ingkang koela soemerepi lan koela sandang, saweg bribik-bribik toewoeh pamaiben koela. Nanging bade medaraken pamaiben teksih mangoe-mangoe, sandejaning manah jen dipoen

anggep tijang boten ngandelan dateng dedamelanipoen para kina. Mila wontenipoen namoeng kendel salebeting batos.

Sekon, menit, djam, dinten, woelan, taoen lan windoe mindakipoen saja nesek toer koela boten soemerep lan kraos babar pisan, mila pantjen boten koela raosaken, jen koela tansah dipoen soek ing wektoe ingkang boten kenging koela selaki malih, soemerep-soemerep oentoe koela sami ompong lan ramboet koela malih dados woedjoed petak. Ing rikoe saweg ngroemaosi jen koela dipoen teda ing wektoe, poenika saweg karaos manah koela ingkang anandes. Jen prakawis waoe boten koela ajoni sagadoeg-gadoeg koela, sampoen temtoe bade kabestoeron djer tangan koela kaselak boejoeten, boten bade koewawi ngangkat kalaming panjerat. Kentjenging sedya, ija arep menjang ngendi maneh jen ora toemoeli dak tandangi, bakal kapiran-kapiroen. Mila ladjeng koela pijagah amoedjoedaken serat Pandawa poenika. Dene lepat oetawi leres, poenika namoeng goemantoeng wonten penggalihipoen para saderek ingkang sami kersa maos. Soekoer kaänggep leres lan maremaken penggalih; botenipoen, inggih lowoeng dene wonten tetilas ingkang kenging kangge nanding milih kalijan serat sanes-sanessipoen. Sampoen temtoe bade kepanggih deleging kaperloewan toemrap lelampahanipoen ringgit (wajang) ingkang ang-

gambaraken lelampahanipoen manoesa wonten ing donja, kados dene serat Maha Barata ingkang tansah dipoen oetoen-oetoen, toendonipoen namoeng gegambaraning ngagesang kewala.

II. TOEMOEROENING WIDJI

1. Pletikaning **dat-**ing Pangeran ingkang wonten ing goewa-garbaning manoesa, poenika mesti wontenipoen, senadjan boten gadoeg anggambar woedjoedipoen, nanging ing raos sadaja manoesa sampoen temtoe ngroemaosi mesti wonten. Dene anggenipoen boten saged amoedjoedaken pepetanipoen, kados poendi anggenipoen saged, djer pantjen sadaja kawontenan poenika dereng wonten barang-barang. Barang-barang ingkang maoedjoed poenika wontenipoen rak kantoen pijambak. Dados ing wektoe waoe pantjen dereng wonten ingkang kenging kangge pepindan.

2. Sasampoenipoen **dat** waoe wonten ing badaning manoesa, saweg saged angraosaken jen **dat** waoe gadah **pangoewasa.** Wangsoel ingkang karaos ing badaning manoesa, pangraos ingkang dereng kababar, dados dereng wonten gesang.

3. Pambabaring **dat** lan **kawasa-**nipoen saweg amoedjoedaken **gesang.** Dados tigang prakawis kasebat ing nginggil waoe dados perangan ingkang nginggil, nanging ingkang karaos namoeng **gesang-**ipoen, inggih poenika ingkang sambet

kalijan atoom, molecule lan cel, inggih tigang prakawis waoe ingkang nama **neng.** Mila anoenggilaken kaänan **(dat, kawasa** lan **gesang)** dipoen sangkani saking **neng** concentratie. **NJAWA Sanghjang Wenang.**

4. Pambabaring tigang kaänan waoe (Gesang) amoedjoedaken **gebjar** oetawi **pepadang** inggih poenika **noer** oetawi **sorot pepadang.** Lah sapoenika saweg wonten gambar oetawi pepetan djer sampoen wonten **pepadang (noer)** waoe.

5. Sareng **gambar** oetawi **pepetan** sampoen kawoedjoedaken, sapoenika ladjeng noewoehaken **boedi** oetawi **pandamel** ingkang toemandang.

6. Nanging poen **boedi** boten saged toemindak pijambak, mila ladjeng dipoen pasrahaken dateng **rasa-**ning badan.

7. Rehne badan waoe doenoenging **rasa,** mila tijang poenika jen bade gadah kadjeng poena-pa-poenapa, ingkang toemandang inggih **badan wadag.**

Menggah tigang perangan ingkang kaseboet ing ngadjeng, ingkang roemijin pijambak toemrap paniti priksanipoen poenika **noer.** Awit toemrapipoen badan pribadi, djer samoebarang ingkang goemelar, poenika ingkang saged nedahaken tjeta wontenipoen, **noer** waoe. Dados oepami boten wonten **noer** oetawi **pepadang,** kita boten saged bade njoemerepi poenapa-poenapa.

VAN K. EN W.

III. PRABOE DARMAKOESOEMA

Ing donja poenika kaebekan daja **djaler** lan **estri** tjara seratipoen Damarwoelan dipoen wastani Hjang Tanpaoena lan Hjang Tanpaoeni, oetawi Positief lan Negatief, sami soemaroena wonten ing djagad saisinipoen sadaja. Kadosta ingkang gesang wonten ing toja, awang-awang, daratan sadaja sami kaebekan daja kekalih waoe. Nalika prija adreng bade sadjiwa kalijan wanita, ing ngrikoe angempakaken pangoewaosipoen ladjeng adjedjoeloek Sang Hjang Wenang tegesipoen koewasa. Menawi boten wonten sambe kala sarta pinareng saking karsaning Pangeran, toeroehing widji saking prija katampen ing wanita, kadyangganing widji tetoewoehan doemawah katampi ing siti, ing wektoe waoe adjedjoeloek Sang Hjang Toenggal. Ing tembe jen tanpa sambe kala bade toewoeh kados dene ingkang sadjiwa waoe. Wondene nalika sineboet Sang Hjang Toenggal, awit nedeng tempoeking Sang Hjang Tanpaoena lan Sang Hjang Tanpaoeni. Pamoring daja kekalih waoe ladjeng djedjoeloek Sang Hjang Prana oetawi Sang Hjang Pramana, nanging dereng kanjatan ing kawontenanipoen, awit teksih wonten ing alam samar, inggih ingkang makaten waoe ingkang dipoen wastani ing alam soewoeng bloeng toemalawoeng tanpa oedjoeng, dereng wonten keblat. Ewa samanten sanadjan

kawontenanipoen teksih samar, nanging bebadening anggota senadjan dereng kawistara, sampoen pepak, bade-bade ingkang bade doemados pepirantosing badan sajekti sampoen sijaga djangkep.

Ing ngriki boten koela terangaken kawontenanipoen Hjang Pramana wiwit oemoer sawoelan ngantos sangang woelan, awit ing serat-serat sepoeh sampoen dipoen gelar sadaja. Koela namoeng bade ngisi saperloenipoen toemrap lenggahing Pandawa kemawon.

Sadjatosipoen Hjang Pramana waoe senadjan taksih samar kawontenanipoen, ewa samanten sampoen kaboentel kelamar lamoeking bawana kawan prakawis, inggih poenika saking Geni, Boemi, Banjoe lan Angin ingkang katoewoehan boedi **rahajoe** lan boedi **kamoerkan.**

Boedi **rahajoe** poenika boedi ingkang ngemori karsaning Goesti. Dene boedi **kamoerkan,** poenika ateges **karep.** Ngagesang poenika sanadjan gadah **karep ala** lan **betjik** (Oetami) poenika sadaja toewoehipoen inggih saking kamoerkan. Dene ingkang dipoen kadjengaken ing riki, poenika sadaja hawa **kamoerkan** ingkang noedjoe dateng **kaoetamen.** Oepami tijang remen tetoeloeng, bade nglampahi kasaenan, ngagengaken **sih,** poenika sadaja tockoel saking **karep.** Ing mangka ngagesang tansah toewoeh pikadjenganipoen maneka-warni inggih awon inggih sae.

Nanging sarehne kita poenika kedah mitoeroet weting alam, djer alam wonten kodrating djagad ingkang adil kados dene loemahing waterpas; mila ngagesang senadjan ngempakaken **karep** (Hawa kamoerkan oetawi Hawa napsoe) kedah anindakna kamoerkanipoen (karep) ingkang noedjoe dateng oetami.

Inggih ing wektoe waoe lairipoen oetawi djoemenengipoen Sang Hyang Ismaja (Semar) kalijan Sang Hyang Manikmaja (Goeroe). Sang Hyang Ismaja bade ngemong darah Barata wonten ing Artjapada sageda ingkang dipoen emong waoe toemindak ing karahajon, dados gatoek kalijan karsaning Goesti. Dene Sang Hyang Manikmaja (Goeroe) wonten ing Kadewatan ingkang tansah andjangkoeng toemindaking karahajon kawontenanipoen ing Ngartjapada lan ing Kadewatan roentoet sesarengan loemampah. Dados jen makaten Semar lan Goeroe poenika namoeng toemindak sesarengan ingkang toenggil garis, rahajoe.

Sareng Ki Djabang wonten ing goewa-garbaning rena sampoen oemoer 9 woelan, sampoen sijaga lan santosa angganira, kepengin soemerep ing padang-hawa; jen tanpa sambe-kala toemoenten lair tanpa kasangsaja.

Katjarios nalika Ki Djabang wonten salebeting goewa-garbaning rena, namoeng ambekan sarana keketeg sarta ingkang minangka dados

tedanipoen darah ingkang tjoemawis wonten ing ari-ari. Sareng sapoenika lair wonten ing donja, kaesoek hawa saking ing djawi loemebet ing iroeng karaos keri ladjeng waing kasarengang kalijan tangis ingkang sapisan. Sarehne nalika hawa loemebet ladjeng kaedalaken, sampoen temtoe ladjeng boetoeh loemebeting hawa malih. Makaten saladjengipoen hawa tansah mlebet-medal ing saladjengipoen. Nalika pambedaling kekijatanipoen tangis waoe, satemah angebahaken djantoeng ingkang noentoen ebahing pirantos anggotaning badan sadaja, satemah darah mili anjakra-manggilingan ingkang winimboehan Pramana katoet ili waoe angelebi anggotaning sarira delasan koekoe, ramboet, saraf boten wonten ingkang kalangkoengan.

Sarehne sadaja waoe moela boekanipoen saking lampahing napas, mila napas poenika kaseboet tetangsoeling gesang, inggih ingkang sepoeh pijambak, inggih poenika djoemenengipoen **PRABOE DARMAKOESOEMA.**

Mila Darmakoesoema poenika wontenipoen ing Pandawa dados sepoeh pijambak, watakipoen namoeng sarwa legawa, rila ing samoebarang, boten dojan perang, boetoehipoen namoeng anglampahaken sarandoening badan soepados seger koewarasan.

Darma tegesipoen betjik, linoewih, peni, adi, loehoeng.

Koesoema tegesipoen kembang ingkang sae sarta aroem gandanipoen, inggih ateges linoewih, hla wong inggih napas ingkang dados paoegeraning ngagesang.

Darmakoesoema gadah poesaka djimat Kalimasada, tegesipoen :

Kalimaoesada poenika saking temboeng **kali** oetawi **kadli-maha-oesada.**

Kali oetawi **kadli** ateges kepala, loerah, panggede, loehoer, panoentoen, tetali.

Maha tegesipoen gede, linoewih, djembar, djero.

Oesada tegesipoen warana, sarana, tamba, tanggoelang.

Dados jen makaten Kalimasada poenika sarana ingkang linangkoeng, kangge nanggoelangi poenapa-poenapa ingkang bade ngrisak. Ngrisak poenapa ? Inggih poenika ngrisak kodrat kasa-rasaning sarira. Oepami sesakit, mengsah ingkang angempakaken ardaning hawa napsoe, djail, moetakil, drengki, panasten lan sapa-noenggilanipoen, poenika bade leboer saking pangastoeti, inggih poenika angen lebet wedaling napas (Darmakoesoema) salebetipoen meneng, inggih ingkang dipoen wastani **semedi.** Mila ngelmoe napas poenika ngelmoe ingkang inggil pijambak.

Dene tegesipoen Ngamarta lan sanes-sanesipoen boten perloe koela gelar wonten riki,

koela namoeng mendet delegipoen kemawon, bab lenggahipoen Pandawa. Jen bade priksa teges-tegesipoen sadaja, tjekap pitaken dateng dalang.

IV. WERKOEDARA

Anggen koela neranganken lenggahipoen Darmakoesoema senadjan namoeng tjekak nanging katingal pandjang, awit bade anjekapi anggen koela bade nglenggahaken Pandawa sanesipoen sageda anggampilaken, awit katah katerangan-katerangan ingkang sampoen kalebet wonten ing bab lenggahipoen Darmakoesoema.

Isen-isening donja poenika sami gesang pijambak-pijambak ingkang toeking gesang waoe namoeng saking satoenggal. Menggah titahing Pangeran ingkang boten kantenan tjatjahipoen, ingkang sami gesang wonten ing awang-awang, toja, daratan, poenika sami toeloeng-tinoeloengan, sawab-sinawaban, pandjing-pinandjingan, sesarengan sami madjeng mitoeroet kodrating djagad. Jen makaten kawontenanipoen, isen-isen waoe sadaja wosipoen sami sih-sinisihan anggenipoen sesarengan bade madjeng.

Sapoenika rehne manoesa waoe inggih pantjen isen-isening djagad malah titah ingkang linangkoeng pijambak tinimbang sanes-sanesipoen, dados inggih toemoet madjeng, inggih toemoet

sih-sinisihan kalijan sadaja doemadi. Kita sami katambetan menawi inggih mindak madjeng, mindak menoet, inggih mindak madjeng, mindak djam, inggih mindak madjeng, makaten saladjengipoen. Soemangga kagaliha, nalika koela teksih baji, mindak wektoe, awak koela mindak ageng, makaten saladjengipoen. Sareng saja katah taoenipoen, badan koela inggih mindak ageng lan santosa. Menggah mindak-mindakipoen waoe, koela pijambak ingkang ngawaki boten soemerep babar pisan; saja jajah-rena koela ingkang njawang, inggih boten soemerep mindakipoen ageng. Lah ingkang makaten waoe ingkang nama kodrat kamadjenganipoen djagad inggih ingkang dipoen wastani occultisme. Jen badan kita saja dangoe saja ageng, engetan kita inggih saja madjeng. Jen manoesa sampoen damang dateng bab waoe, andak inggih isen-isening donja boten kados manoesa indakipoen? Jen isen-isening donja saja mindak madjeng, andak inggih donjaniipoen inggih boten saja madjeng? Dados jen makaten donja saisinipoen sadaja poenika saja madjeng ingkang boten kawistara, soemerep-soemerep sampoen wonten ewah-ewahan ingkang saged anggawokaken. Inggih ingkang makaten waoe ingkang nama kamadjenganipoen djaman.

Sarehne ing nginggil sampoen katjarijosaken, jen isen-isening djagad poenika sami sesarengan madjeng akekanten **sih,** mangka manoesa inggih

kalebet isen-isening djagad, dados jen makaten manoesa inggih **kedah** gadah watak **sih.** Jen manoesa boten gadah watak **sih,** poenika njoelajani kalijan kodrat **sih** ingkang sinandang dateng isen-isening djagad. Oepami wonten tijang ingkang awatak djail, moetakil, panasten, panas-baran, sija-sija, drengki, remen damel kasoesahan oetawi kapitoenenipoen ngasanes, poenika anjoelajani kalijan **sih** isen-isening djagad. Jen manoesa sampoen saged loemampah sesarengan kalijan isen-isening djagad ingkang sami **sih-sinihan** waoe, poenika nama sampoen anglenggahi anggenipoen dados titahing Pangeran.

Sapoenika wonten pitakenan makaten: lah kaprije dene ana lindoe, angin prahara, goenoeng andjebloeg, apa koewi ija aran kemadjoewaning kodrat? Mila kasinggihan. Awit anggenipoen makaten, namoeng bade amboedi daja amrih awakipoen saged sesarengan ngidak djaman kemadjengan. Dene sapoenika ngantos wonten karisakaning manoesa, poenika dede poen prahara ingkang lepat. Prahara oetawi goenoeng andjebloeg waoe, saestoe namoeng bade pados kemadjengan, ingkang laras kalijan djamanipoen. Oepami wonten peperangan ageng, negari **A** mengsah kalijan negari **B**, jen dipoen tingali kalijan netra kepala, limrahing ngakatah amastani ingkang lepat poenika negari **A**, awit negari

B boten gadah kalepatan poenapa-poenapa. Leres, poenika rak netra kepala. Wangsoel netraning batos boten mekaten. Poenapa kita soemerep kalepataning negari **B** kala wingi-wingi, kala taoen-taoen ingkang kapengker?. Lah makaten elok lan gawating kamadjenganipoen kodrat.

Menawi tijang sampoen saged ngagengaken **sih** ingkang saroedjoek kalijan djagad saisinipoen, poenika nama sampoen ngroemaosi anggenipoen dados titahing Pangeran. Poenapa wonten tijang ingkang makaten? Wonten! Sinten poenika? Inggih poenika

WERKOEDARA

Werkoe oetawi **werko** ateges wengkoe, pikoekoeh, djedjeneng, oeger-oeger.

Dara oetawi **oedara** ateges swasana, hawa, awang-awang, langit, lucht.

Dados Werkoedara ateges mengkoe djagad. Selehipoen sadaja ingkang gesang poenika kawengkoe ing swasana.

Dados Werkoedara poenika selehipoen, tijang ingkang sampoen saged gesang sesarengan kalijan isen-isening djagad, inggih poenika ingkang toemindak **rahajoe,** djoedjoer, mligi, angenggeni oetawi ngemori kalijan kodrating djagad. Kados poendi kodrating djagad? Adil. Adilipoen waradin rampak waterpas. Poendi ingkang ambarendjoel, inggih dipoen papak, ingkang legok dipoen oeroeg. Makaten kodrat adiling djagad.

Werkoedara dipoen gambar balegering sarira, ageng, inggil, sroewa-sroewi santosa, pengkoeh, berawa, rosa. Wondene ingkang kagambar makaten poenika dede awakipoen tijang, nanging manahipoen.

Werkoedara boten saged andodok, boten saged basa (krama), poenika anggambaraken jen tijang ingkang sampoen saged toemindak makaten, manahipoen djoedjoer, bares, temen, leres, djedjeg, lempeng, boten gadah watak goroh, rasarisi, samoedana, litjik, wontenipoen namoeng gagah lan sagoeh.

Werkoedara daridjinipoen njaketem dipoen gegem, poenika anelakaken jen pijambakipoen sampoen saged meper hawa napsoe, wontenipoen namoeng sarwa legawa lan narima, boten kekatahen reka-daja. Mila pengkoehipoen saja santosa.

Werkoedara gadah Koekoe Pantjanaka, ampoehipoen kagila-gila. Nanging koekoe waoe boten bade oetawi pantjen soemingkir dateng pandamel maksijat, namoeng kangge dedamel jen wonten kawontenan ingkang bade ngrisak karahajonipoen, awit Werkoedara poenika rehne sampoen ngemori kalijan isen-isening djagad, dados wontenipoen namoeng adil kados adiling djagad kaseboet ing nginggil. Senadjan sederek pijambak, jen lepat, inggih tegel ngoekoem.

Werkoedara gadah poesaka Gadaroedjakpolo; oepami dipoen tegesi: gada waoe perloe kangge nanggoelangi mengsah, tjara kasaranipoen poendi ingkang kataman, mesti boten mangga-poeliha. Awit gada waoe bobotipoen pinten-pinten datjin, singa ingkang kedawahan, amesti remoek sirahipoen. Poenika sampoen matoek kalijan naminipoen. Awit polo makaten isinipoen sirah.

Nanging selehipoen toemrap kaäloesan wonten malih, inggih poenika:

Polo makaten oetek panggenanipoen wonten sirah: mangka sadjatosipoen sirah poenika karatoning Hjang Goeroe, mila dipoen wastani Goeroeloka. Karaton sanesipoen teksih wonten kalih, inggih poenika Ngendraloka karatonipoen Batara Endra, doemoenoeng ing djantoeng; Djanaloka karatonipoen Batara Wisnoe, manggen wonten ing telenging mani. Karaton Endraloka lan Djanaloka waoe kabawah ing Goeroeloka. Jen tijang anggolongaken tjipta, poenika angratjoet karaton Endraloka lan Djanaloka kakempalaken wonten ing Goeroeloka, inggih poenika kempaling raos wonten ing djagad alit, ladjeng kasambet kalijan djagad ageng. Jen tanpa karakara, saestoe bade kadoemoegen poenapa ingkang kasedya, saestoe mengsahipoen bade leboer tanpa koekoepan. Mila Gadaroedjakpolo makaten boten wonten ingkang koewawi nangga.

Wondene tegesing sanes-sanesipoen, kadosta, kampoeh bang-bintoeloe, soemping djaroting asem, gelang tjandra kirana, lan sanes-sanesipoen tjekap pitaken dateng Ki Dalang. Awit ing riki namoeng mendet wosipoen lenggahing Werkoedara.

V. HERDJOENA (DJANAKA)

Ing serat Djangka-Djangkah sampoen kaändaraken bab sesambetaning donja kalijan badaning manoesa, mila ing riki boten koela andaraken, namoeng kapendet satjekapipoen kemawon, awit bade mendet lenggahipoen Herdjoena poenika wonten poendi. Kados poendi djagad raja sagedipoen sambet kalijan djagading manoesa (badaning manoesa). Wonten piwoelang oengelipoen makaten: Jen kowe arep weroeh wedi sadjagad, ija weroeha wedi saelas. Jen kowe arep weroeh djagad gede, ija weroehana djagad tjilik (awakmoe dewe).

Manoesa kegadoehan Pantjadrija, poenika pirantos kangge njoemerepi kawontenanipoen isen-isening djagad raja. Sabab: mripat kangge njoemerepi wewarnen idjem, abrit, pandjang, kandel lan sanesipoen. Koeping kangge memirengaken swara sora, lirih, saketja lan boten saketja. Ilat kangge ngraosaken tetedan goerih, asin, pait lan sanesipoen. Iroeng kangge ngambet aroem, batjin. wangi, badeg lan sanesipoen.

Awak kangge ngraosaken empoek, atos, benter asreping hawa lan sanesipoen. Inggih gangsal warni poenika isen-isening djagad raja ingkang kenging dipoen sambet kalijan pantjadrija.

Ananging raos gangsal waoe wonten satoenggiling pirantos ingkang nadahi ngraosaken, inggih poenika **ati.** Dados jen wonten palapoeranipoen pantjadrija sadaja ingkang nampi **ati.** Mila raos waoe dipoen wastani **rasaning ati** oetawi raos **nem.** Makaten sesambetanipoen djagad raja kalijan djagading manoesa oetawi badaning manoesa. Inggih poenika ingkang dados oeger-oegering raos gangsal. Malah toemrapipoen gangsa ladjeng dipoen angge paoegeraning soewara, ingkang dipoen seboet **nem.** (Mriksanana serat Madoe Brata).. Inggih **rasa djati** oetawi **raos nem** waoe lenggahipoen

HERDJOENA (Pamade oetawi Permadi).

O. P. Koeping.
O. P. Mata.
O. P. Ilat.
O. P. Iroeng.
O. P. Badan.

} **O. RASA DJATI** (Herdjoena).

Pantjadrija poenika kedah sambet kalijan Raos Djati; jen boten sambet tijang dados sakit talirasa oetawi ewah (Senuwen).

Menawi Rasa Djati nampeni palapoeran saking Pantjadrija, oepami mireng pangkoer-rojal,

Krontjong-Bedjat, legi, pait, wangi, badeg lan sanesipoen, poenika waoe wontenipoen **karep.** Awit sasampoenipoen **ati** waoe mireng Pangkoer-rojal, ladjeng gadah karep. Tegesipoen: iki ana reroengon Pangkoer-rojal apa dak gatekake, apa ora. Oepami nampi lapoeran: iki ana pelem mateng doeweking tangga, apa dak tjolong oetawi apa ora, poenika ingkang koewadjiban poen **karep.** Mila **karep** ing manoesa poenika angambra-ambra djalaran pambabaring kawontenaning djagad ingkang dipoen raosaken dateng manoesa. Kadekneja Herdjoena poenika dados **lananging djagad,** djeboel dede lananging djagad toemrap wanita, nanging lananging djagad toemrap isen-isening donja, poenika saged lan kenging dipoen raosaken dateng Herdjoena (Ati).

Sapoenika bab **karep** ingkang toekoel saking **rasa djati** waoe. Karep makaten angambra-ambra tanpa menda, saben dinten tansah santoen-soemantoen, wonten kemawon ingkang dipoen tindakaken, wonten karep ingkang dateng kamoerkan doerga angangsa-angsa, wonten karep ingkang dateng kaoetamen. Jen toemindaking karep waoe kadoemoegen, bingah; jen boten kadoemoegen, soesah. Dados karep makaten gegandoelanipoen oetawi gantoenganipoen namoeng **boengah** lan **soesah.** Inggih ingkang makaten waoe, ingkang mesti dipoen sandang dateng

karep, ingkang toekoelipoen saking **ati,** sasampoenipoen nampi palapoeran saking Pantjadrija.

Herdjoena poenika ateges toja kali ingkang boetek, inggih ati ingkang peteng. Awit toja kali poenika tansah mili boten saged menep. Sarehne Herdjoena poenika inggih nama Djanaka, tjara bedagalanipoen **djan-**e sing di-**angka,** sing didjangkah ngaoerip ikoe **rahajoe,** awit ngroemaosi jen adinipoen Werkoedara, mila saben-saben Herdjoena waoe medjahi **boeta.** Dene boeta makaten gambaring manah moerka. Manah moerka poenika saking toekoeling noeroeti hardaning pantjadrija. Mila **boeta** makaten jen kangge tjandra-sengkala awatak **gangsal.** Inggih leres kemawon Boeta Tjakil waoe mentas dipoen pedjahi, sareng ningali wajang malih ing sanes panggenan, inggih gesang malih.

Herdjoena gadah dedamel katah ingkang mandi-mandi djalaran paringaning Dewa; hla wong inggih Dewa paring dedamel, mesti kemawon dedamel ingkang mandi. Ingkang djoeloekan dedamelipoen Djanaka poenika Saroetama.

Saroetama poenika boten wonten titahing ngabatara ingkang koewawi nadahi djalaran saking ampoehipoen. Nanging jen dipoen tamakaken dateng saderekipoen pijambak, djeboel wangsoel. Sabab wonten piwoelang ingkang oengelipoen makaten: Sedoeloer koewi tega larane,

ora tega patine. Poenika Saroetama sampoen ngenggeni lenggahipoen.

Saroetama saking temboeng **saroe** lan **oetama.**

Saroe, dene jen dipoen tamakaken dateng saderekipoen, mlendo, wangsoel. Nanging jen dateng tijang sanes, mesti ladjeng. Inggih poenika selehipoen temboeng Oetama. Lah sapoenika woedjoed poenapa ingkang nama Saroetama poenika? Inggih poenika **golong giliging** manah. Donga, poedji, dikir, poedjo, mantra sasaminipoen, boten saged mandi jen boten kanti golong giliging manah. Jen sampoen mateng geleng golong giliging manah boten soesah mawi djapa mantra, tjekap mawi sabda kemawon, rampoeng. (Suggesti). Awit mel oetawi djapa mantra makaten namoeng temboeng walaka ingkang kangge tetekening sedya.

VI. ADEGING MANOESA

Sapoenika sampoen tetela menawi adeging manoesa ingkang djangkep poenika wonten tigang warni, inggih poenika:

1. Darmakoesoema (lenggahipoen wonten **napas**).
2. Werkoedara (lenggahipoen wonten **badan**).
3. Herdjoena (lenggahipoen wonten **rasaning ati**).

Dados tigang bagean waoe kedah kadjagi kasarasanipoen; awit jen gotang oetawi sakit salah satoenggal, amesti moetawatosi. Terangipoen makaten: Oepami badan risak (sakit) nama

gotang. Makaten oegi napas risak (sakit) inggih nama gotang. Ati (raos djati) risak (sakit) inggih gotang. Sapoenika koela damel oepami ingkang gampil dipoen raosaken, mendet saking tijang bal-balan. Oepami badanipoen kijat rosa sarwa santosa, nanging manahipoen soemelangan, oewas, alit manahipoen, sareng bade ngrebat bal manahipoen koewatos jen ketendang mengsahipoen, sampoen temtoe dados pemain ingkang tjatjad. Sapoenika awak santosa, manah santosa, nanging napasipoen tjekak, inggih nama tjatjad toer ageng. Napas landoeng, manah kendel, nanging awakipoen ringkih, inggih tjatjad. Dados tigang bab waoe kedah ingkang waras sadaja poenika nama sampoen ngenggeni oetawi djangkep adeging kamanoengsanipoen. Inggih boten ngemoengaken tijang bal-balan kemawon, delasan tijang ingkang boten nate bal-balan, inggih kedah waras tiga-tiganipoen. Awit tijang poenika kedah neda (mangan); angsalipoen teda saking njamboet damel; njamboet damel makaten tigang perangan waoe kedah sesarengan toemandang. Dene jen salah satoenggalipoen perangan waoe wonten ingkang karaos sakit, kedah enggal-enggal dipoen oepakara, amrih waloejanipoen saha amrih kijatipoen. Menggah djampi-djampi oetawi sarana amrih kijating tigang perangan waoe, ing riki boten perloe koela atoeraken, awit wonten bagejanipoen pijambak.

Sapoenika sampoen tetela, menggah ingkang kaseboet ing ngadjeng waoe sadaja (Darma-koesoema, Werkoedara lan Herdjoena) dede woedjoeding tijang (badan), nanging sadaja waoe gambar wewajanganing adegipoen manoesa, ingkang pinanggih wonten ing dalem sanoebarining manoesa. Terkadang tijang ingkang gadah watak Merkoedara waoe badanipoen metikil alit, nanging ing tekad sarwa santosa lan birawa sapanoenggilanipoen. Makaten wajang sanesipoen, amesti inggih pinanggih wonten dalem sanoebarining manoesa pijambak. Pramila ngelmoe kabatinan poenika jen boten pinanggih wonten badanipoen pijambak, inggih nama ngelmoe palsoe oetawi kalentoe.

VII. NAKOELA SAHA DEWA.

(Nakoela-Sadewa).

Katjarijos saderek tiga ingkang kaseboet ing ngadjeng waoe sadaja, senes iboe kalijan Nakoela-Sadewa, nanging sami toenggil jajah. Dados djangkep saderek gangsal djaler sadaja nama Pandawa.

Nakoela tegesipoen saking temboeng **koela,** inggih akoe, manoesa, titah, oemat, ingkang sampoen kasat mripat wonten ing donja oetawi ngartja-pada, inggih ingkang sampoen kalairaken, oetawi **lair.**

Sadewa oetawi **saha Dewa** tegesipoen inggih **Dewa.** Dewa makaten bangsaning roh (gesang) oetawi Malaikat, ingkang soemimpen wonten salebeting sanoebari boten kasat-mripat, inggih kenging dipoen tegesi **batin.**

Dados **Nakoela-Sadewa** oetawi **Nakoela** saha **Dewa** kenging koela santoeni **Nakoela** lan **Dewa (Sadewa)** ingkang leregipoen ateges **lair** lan (saha) **batin.** Tjekakipoen **lair-batin.**

Sasampoenipoen **Herdjoena** (ati) nampi lapoeran saking salah satoenggiling **pantjadrija** ladjeng toekoel wontenipoen **karep.** Sareng karep sampoen wonten, ladjeng dipoen pasrahaken dateng **batin** ingkang kedah saroedjoek kalijan **lair.** Makaten terangipoen:

O. P. Pandeleng
O. P. Pangroengoe
O. P. Pangamboe
O. P. Ilat
O. P. Badan
} O. Ati Hardjoena
O. Ala
O. Karep
O. Betjik
} O. Batin
O. Lair
} O. Toemindak.

Lair lan Batin poenika boten saged pisah, jen wonten lair inggih wonten batin; wonten batin inggih wonten lair. Mila Nakoela saha Dewa poenika namoeng ela-eloe kemawon, mitoeroet sapakenipoen tigang perangan ing nginggil, inggih poenika Darmakoesoema, Werkoedara lan Herdjoena.

Tijang njamboet damel poenapa kemawon, jen lair boten saroedjoek kalijan batin, sampoen temtoe bibrah, makaten kosok wangsoelipoen, jen batin boten saroedjoek kalijan lair, inggih bibrah. Oepami tijang njamboet damel, awakipoen toemandang, nanging batinipoen anggandoel, dadosa inggih dados-dadosan, makaten oegi kosok wangsoelipoen, batinipoen karep, nanging badanipoen anggandoel, dadosa inggih dados-dadosan. Beda kalijan lair lan batin sami saroedjoek, dadosipoen inggih dados temenan. Prakawis dadosipoen sae dedamelanipoen, kenging dipoen telatosi saking sakedik.

Ing serat Kawoela-Goesti karanganipoen Mas Soemotjitro hoeloening pakempalan Harda Poesara, wosipoen ingkang nama Kawoela-Goesti makaten inggih **lair** lan **batin.** Ingkang makaten waoe inggih nama sampoen ragi matoek. Nanging menggah sregipoen lenggah:

Kawoela poenika oemat, titah, manoesa.

Goesti poenika Goesti Allah, Pangeran, Hjang Maha Agoeng.

Njoemanggakaken.

Mila Nakoela lan Sadewa poenika katjarijos sanes iboe kalijan Darmakoesoema, Werkoedara, lan Herdjoena, awit Lair lan Batin waoe toekoelipoen saking Karep. Karep toekoelipoen saking Ati, sasampoenipoen Ati tampi lapoeran saking Pantjadrija.

VIII. SEMAR.

Hjang Ismaja.

Semar makaten saderekipoen Goeroe, atoenggil satjangkang (satigan), nalika pambabaripoen nama Hjang Ismaja, dene Goeroe nama Hjang Manikmaja. Wetjanipoen Sang Hjang Wenang dateng ingkang wajah kekalih waoe (Ismaja lan Manikmaja) jen Hjang Ismaja bade angratoni para lelembat wonten ing negari Sonjaroeri, tegesipoen Sonjaroeri inggih alam-soewoeng, inggih alaming sanoebarinipoen manoesa (titah), ngratoni para lelembat, tegesipoen lelembat dede bangsaning setan, djim, peri, prajangan, nanging ateges **aloes.** Poendi ingkang nama **aloes**, inggih kawontenan ing salebeting sanoebarining manoesa, kados ingkang sampoen katjarijosaken ing nginggil sadaja. Darmakoesoema, Werkoedara, Herdjoena, Nakoela lan Sadewa, inggih poenika darah Barata, tegesipoen **lakoe.** Lakoe ingkang kados poendi? Inggih lakoening ngagesang ingkang rahajoe. Mila darah Barata jen dipoen emong Semar, mesti manggih rahajoe oetawi kasinoengan begdja, awit semar makaten akadjeng rahajoe lan tentrem.

Semar dipoen woedjoedi dede prija, dede wanita, wontenipoen namoeng samar, awit pantjen Dewa ingkang njamar.

Herdjoena gadah karep, dipoen emong ing Semar, tegesipoen Karepe manoesa ana ing alam

donja koewi bisaä toemindak rahajoe. Mila Djanaka poenika saben-saben perang kalajan Boeta Begal, tegesipoen Karep njirnakaken kamoerkan, meper hawa kamoerkan oetawi meper hawa napsoe, soepados wiloedjeng ing gesangipoen. Boeta Begal (Watak gangsal) tegesipoen kekarepan lima inggih kekarepan saking pantjadrija waoe. Jen manoesa tansah ngoembar hawa napsoenipoen, sampoen temtoe manggih papa. Mila Semar tansah kekintil Herdjoena, soepados manggih rahajoe, awit boten kenging ngoembar hawa napsoe oetawi kamoerkan.

Sapoenika Hjang Manikmaja oetawi Batara Goeroe, angratoni alam kakalih, inggih poenika alam Sonjaroeri lan Ngartjapada, tegesipoen ing Sonjaroeri inggih ing alam soewoeng kados dene Semar, Ngartjapada inggih alam ngriki (Alam donja). Jen makaten wontenipoen Semar lan Batara Goeroe poenika boten oewal tansah sesarengan namboet karja. Dados ing Ngartjapada lan ing Sonjaroeri sageda sagaris toenggil lampah rahajoe. Jen namoeng tansah ngoembar hawa napsoe, sampoen temtoe wonten ing Ngartjapada manggih soesah lan wonten ing Sonjaroeri inggih manggih paoekoeman, dipoen sotaken ing kawah Tjandradimoeka.

Semar gambaring katentreman.

IX. PETROEK
Kantongbolong.

Ing alam-donja poenika isinipoen namoeng boengah-soesah tok, boten wonten sampoenipoen ing sadinten-dinten. Oepami sampoena keladjeng gesang, saestoe ngraos wegah temenan. Nanging sareng kedah kita lampahi, wontenipoen namoeng toemindak. Malah-malah jen dipoen gagas, kados-kados bingah lan soesah waoe, oepami dipoen tradjoe makaten, awrat soesahipoen tinimbang bingahipoen. Nanging sadjatosipoen bingah lan soesah poenika tetimbangan, tegesipoen oepami bingahipoen sekati, soesahipoen inggih sekati. Awit jen bot-sih, saestoe kita boten koewawi njandang. Dene anggenipoen karaos jen ageng oetawi awrat soesahipoen waoe, awit manoesa poenika ingkang dipoen boetoehaken namoeng kabingahan. Jen manggih kabingahan, boten dipoen raosaken, djalaran dipoen akep jen poenika ingkang dipoen padosi. Sareng manggih soesah, anggenipoen ngraosaken ngantos andjarem, awit soesah waoe ingkang pantjen dipoen emohi. Menawi tijang poenika namoeng bingah teroes-teroesan, andak inggih koewawi? Kados boten, awit manahipoen ladjeng bjang-bjangan wekasan dados sakit ewah. Jen namoeng soesah kemawon, andak inggih saged kijat, kados sakedap kemawon ladjeng sakit T. B. C. Mila dipoen paringi bingah lan soesah soepados sageda

sami djongipoen, dados saketja. Jen sampoen mangertos bab waoe, oepami sawek manggih bingah, sageda ngroemaosi jen bade wonten soesah, kados dene tijang loemampah medak ing pareden, poenika manahipoen ladjeng soesah, awit sampoen soemerep jen bakda medak bade minggah. Makaten kosok wangsoelipoen, jen saweg soesah, mesti bade bingah, kados dene tijang loemampah ing pareden pinoedjoe minggah, awit mangke bade medak, makaten ing sadinten-dintenipoen ingkang kasandang ing ngagesang.

Dene sababipoen toekoeling bingah lan soesah poenika saking kabetahan, ingkang toewoeh saking hawa napsoe; hawa napsoe makaten toewoeh saking indrija; indrija makaten toewoeh saking napsoe kawan prakawis inggih poenika sarehne wadaging manoesa poenika asalipoen saking: geni, boemi, banjoe lan angin.

Kareping hawa napsoe makaten ing sadinten-dinten tansah salin-soemalin, ambanjoe-mili boten wonten sampoenipoen. Senadjan tijang poenika anglampahi kaoetamen ingkang noedjoe dateng karahajon, inggih meksa saking karep waoe.

Menawi ngagesang poenika pandjangkanipoen saged kadoemoegen, raosipoen seneng lan lega. Nanging seneng lan lega waoe andak inggih saged marem? Boten. Sagedipoen marem namoeng satleraman, ladjeng gentos gadah pandjangka sanesipoen malih. Jen kadoemoegen,

inggih kados pandjangkahipoen ingkang sapisan, gentos andjangkah sanesipoen malih, makaten saladjengipoen, ngantos saboedjading djagad. Nalika karep waoe pandjangkahipoen kadoemoegen, raosipoen bingah. Bingah makaten ageng manahipoen, ambadodog kados saged ambengkahna dadanipoen. Oepami raos waoe kawoedjoedna tijang, sadaja anggotaning sarira sami mindak, kadosta: dedeg, soekoe, tangan, sirah, tjangkem lan sanesipoen sadaja sami mindak, delasan iroeng lan woedelipoen inggih mindak ageng lan pandjang. Sinten poenika?

PETROEK

Menawi dipoen werdeni tjara **dosok,** Petroek saking temboeng **pe-troek.**

Pe saking **karepe,**

Troek saking **taroetoek** oetawi **naroetoek,** anaroetoek golek boetoeh. Dados ngagesang poenika saben dinten namoeng naroetoek oetawi nalengseng pados kabetahan tok.

Kantongbolong poenika sampoen djarwa, kantong sing bolong. Kantong makaten wadah, nanging djeboel bolong. Ngibaràtaken: mareming manah poenika namoeng satjleretan, dados ladjeng boten wonten pamarem ingkang langgeng.

Ing nginggil sampoen katjarijosaken, menawi karep waoe salin-soemalin. Jen ingkang dipoen djangkah ketjandak, ladjeng loemebet ing raos

bingah ; nanging rehne pamarem waoe namoeng sakedap, dados pikantoekipoen gegajoehan waoe kados dene barang ingkang ladjeng dipoen wadahi kantong. Sarehne kantongipoen waoe bolong, dados barangipoen inggih ladjeng-ladjengan kemawon itjal. Makaten gambaripoen karep ingkang tanpa pamarem waoe.

X. NALAGARENG

Prakawis Petroek sampoen kaändaraken sadaja, inggih poenika karep ingkang sampoen kadoemoegen, raosipoen namoeng sarwa bingah ingkang tanpa wates pandjangkahipoen saben dinten tansah salin-soemalin. Jen ta sageda, sadaja isen-isening langit poenika bade dipoen rontoki.

Sarehne karep waoe tansah loemintoe pandjangkahipoen, dados menawi andjangkah satoenggiling bab, nanging boten kadoemoegen, sampoen temtoe raosing manah ladjeng tjoewa, gela. Saja jen mentas manggih kabingahan, ladjeng katjoewan manahipoen djalaran saking pandjangkahipoen boten saged kadoemoegen, sampoen temtoe raosipoen andjlog sanget.

Nalagareng, poenika saking temboeng **nala** lan **gareng. Nala** tegesipoen ati; **gareng** saking temboeng Garing; dados nala gareng poenika ateges **ati** kang **garing.** Sadaja kawontenan ing donja poenika, jen garing mesti mengkeret oetawi

moengkret, nanging jen teles ladjeng medok oetawi ambedodok, moeloer, mindak ageng oetawi pandjang, inggih poenika wontenipoen Petroek. Sareng Petroek ketjoewan, temahan ladjeng mengkeret oetawi moengkret. Manah ingkang makaten waoe oepami dipoen gambara awoedjoed bagegeging tijang, ingkang soewaoe sarwa pandjang (Petroek) sareng ketjoewan ladjeng mengkeret oetawi moengkret, dedeg, soekoe, tangan, sadaja sami mengkeret, inggih poenika woedjoedipoen:

NALAGARENG

Mila Gareng poenika kadamel sepoeh, awit ngagesang poenika roemaosipoen namoeng sarwa kekirangan samoedajanipoen, dados manahipoen namoeng tansah karaos prihatin. Sareng manggih kabingahan, boten patosa oetawi boten dipoen raos babar pisan. Ingkang makaten waoe soesah poenika ing raos langkoeng ageng tinimbang bingah.

Ing ngadjeng sampoen katjarijosaken, manawi boengah lan soesah poenika gegandengan boten saged pisah; awit wontenipoen bingah inggih saking soesah, wontenipoen soesah saking bingah. Mila Gareng-Petroek poenika dados saderek toenggil kringkel, boten saged pisah salaminipoen.

Manawi wektoe gara-gara, ingkang roemijin medalipoen Gareng lan Petroek, sami godjeg kekerengan barang, inggih poenika dija-dinijanipoen

soesah lan bingah ingkang kasandang ngagesang saben dintenipoen. Sareng Semar dateng, tjep kelakep boten wonten sabawanipoen. Awit poenika gambaripoen manah tentrem ajem, sidem, meneng, anteng. Dene manoesa sagedipoen makaten saking angagengaken ing panarimah, rila legawa, darana. Tjarakanipoen saged makaten waoe saking remen koelina meneng. Meneng ingkang kados poendi? Inggih meneng samoedajanipoen, awak meneng, ati inggih meneng. Poenapa wonten ngagesang ingkang makaten? Wonten, inggih poenika tijang ingkang remen semedi oetawi menoengkoe-poedja.

Manah tentrem poenika oepami toja kendel, saestoe sadaja endeg-endeg meneb, temah tojanipoen bening. Toja bening makaten sok tijanga koemedah njawoek melik bade kangge ngombe oetawi adoes lan sanes-sanesipoen.

Dene tegesipoen namaning Nalagareng ingkang sanes-sanes, kadosta: Tjakrawangsa, Kadalpedot, Tjekroektroena lan sanesipoen, boten perloe koela tegesi wonten ing riki, tjekap pitaken dateng Ki Dalang. Awit ing riki namoeng madosi deleging lenggah.

XI. BAGONG

Saking panggrajang koela pijambak, wajang Bagong poenika namoeng soesoelan; tanda jektinipoen makaten: Ing laladan Brebes sapangetan,

Bagong poenika sami-sami anakipoen Semar, sepoeh pijambak. Sareng ing Ngajogjakarta toewin. Soerakarta dipoen damel enem pijambak, poenika sampoen titikan ageng. Dene leresipoen koela njoemanggakaken.

Bagong saking temboeng **ba** lan **gong. Ba** tegesipoen **tiba;** sareng **gong** tegesipoen **gong,** gong gamelan. Kadjengipoen: sadaja kekarepan oetawi rerembagan poenika mesti wonten **gong**-ipoen (pada), oetawi poengkasanipoen. Jen gamelan tanpa Gong, raosipoen tjemplang, anjep, boten saged karaos sedep. Mila wajang Bagong poenika jen pabenan kalijan saderekipoen, mesti menang pijambak, hla wong inggih **Gong.**

Wasana panoetoeping atoer koela bab andaranipoen Pandawa lan Panakawanipoen waoe sadaja, sampoen pisan kagalih leres, awit ing riki namoeng nama grajah-grajah. Dene jen pinanggih saged maremaken penggalih, koela namoeng njoemanggakaken, pantjen ingkang koela impi-impi, jen saged namoeng bade angoedari bab-bab tetilaranipoen para sepoeh ing djaman kina, ingkang aloesipoen anggening damel aling-aling, ngantos samanten lembatipoen, sae, peni, edi, apik, moeloek. ingkang nengsemaken dateng sadengah tijang Djawi, dalasan bangsa sanes, katah ingkang kekenan manahipoen.

XII. GOLEK

Ki Dalang jen anggenipoen nglampahaken ringgit-wajang sampoen rampoeng, kala 50 taoen inkang kapenker, ladjeng angedalaken ringgit Golek. Golek makaten ingkang dipoen damel kadjeng, kapeta balegering tijang estri, dipoen sandangi lan dipoen pepaes amantesi, bok menawi kapeta waranggana saking kaendran. Nanging tilasing golek poenapa itjal? Boten. Sapoenika katah ingkang jasa Golek. Ingkang dipoen angge lare estri oetawi djaler ingkang pawakanipoen mewestri, dipoen rengga-rengga sandanganipoen kados dene penganggenipoen Bedaja - Srimpi. Djogedipoen kiprah estri. Ingkang toekoel gagrag makaten waoe saking Ngajogjakarta ladjeng andjeprah dateng ing poendi-poendi panggenan.

Poenapa kadjeng lan tegesipoen Golek ingkang dipoen lampahaken Ki Dalang? Makaten: lelakone wajang maoe **golekana** karepe oetawa tegese.

NJOEMANGGAKAKEN